

## BAB III

### METODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan, tulisan, atawa barang, anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangkem ma'na tina hal anu ditalungtik (Arikunto, 2016, kc. 22). Sugiyono (2016, kc. 8) nétélakeun yén métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, data anu dicangking kudu dumasar kana métodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan anu sabenerna.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Métode deskriptif analitik nyaéta ngadéskripsikeun fakta-fakta anu tuluy dianalisis. Tujuan tina ieu métode nyaéta pikeun ngadéskripsikeun struktur ogé mikanyaho kana ajén atikan karakter nu aya dina kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi jeung kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dibarung ku métode deskriptif kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2016, kc. 3) métode deskriptif mangrupa métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, sarta hasilna ditulis dina wangun laporan.

Sangkan ieu panalungtikan leuwih babari dilaksanakeunna diperlukeun desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa rarancang kagiatan panalungtikan nu bakal dilaksanakeun (Arikunto, 2016, kc. 90). Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan.

### Desain Panalungtikan



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina panalungtikan ieu aya dua obyék data jeung sumber data anu digunakeun pikeun dianalisis.

#### 3.2.1 Data

Data dina panalungtikan ieu sumberna nyaéta sakabéh data anu maluruh kana struktur ngawengku sakabéh data struktur carita jeung ajén atikan karakter nurutkeun Kemendikbud anu ngawengku religius, jujur, silih ajénan, disiplin, junun digawé, rancagé, mandiri, demokratis, rasa hayang mikanyaho, sumanget kabangsaan, cinta lemah cai, ngajénan prestasi, mimitran tur komunikatif, cinta damai, resep maca, maliré ka lingkungan, maliré ka sosial, jeung tanggung jawab.

#### 3.2.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Anapon sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi anu dicitak taun 2008. Satuluyna anu jadi sumber data kadua dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR anu dicitak taun 2013.

### 3.2.2.1 Identitas Kumpulan Dongéng Sakadang Peucang



**Gambar 3.1**

Jilid kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi

- |                |                           |
|----------------|---------------------------|
| 1) Judul Buku  | : Sakadang Peucang        |
| 2) Pangarang   | : E. Kosmayadi            |
| 3) Kandel      | : 72 kaca                 |
| 4) Medal       | : 2008                    |
| 5) Pamedal     | : CV. Karya Iptek Bandung |
| 6) Warna Jilid | : Héjo                    |

#### **Sinopsis**

*Sakadang Peucang* mangrupa buku kumpulan dongeng anak anu eusina aya lima judul dongéng nyaéta “Peucang Maling Bonténg”, “Peucang jeung Maung”, “Peucang jeung Buhaya”, “Peucang Balap jeung Ténggék”, jeung “Peucang di Kebon Anggur”. Éta dongéng eusina nyaritakeun hiji peucang anu kacida pinter tur wijaksanana jeung sakapeung licik. Tapi ku kapinteranna dina unggal caritana manéhna bisa néangan sagala solusi kana naon wae masalah anu disanghareupanna. Leuwih ti éta, ku kawijaksanaanna sakadang peucang ogé sok dipénta tulung ku


Muhammad Fadil Darajatun Aprian, 2025

BABANDINGAN STRUKTUR KUMPULAN DONGÉNG SAKADANG PEUCANG RÉKAAN É. KOSMAYADI  
JEUNG KUMPULAN DONGÉNG SI KANCIL RÉKAAN MB. RAHIMSYAH AR (ULIKAN STRUKTURAL  
JEUNG AJÉN ATIKAAN KARAKTER)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sato séjénna anu cicing di leuweung sanajan lain masalah manéhna, ku kabageuranna peucang daék mantuan jeung méréskeun masalah batur.

### 3.2.2.2 Idéntitas Kumpulan Dongéng Si Kancil



**Gambar 3.2**

Jilid kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR

- |                |                              |
|----------------|------------------------------|
| 1) Judul Buku  | : Kumpulan Dongeng Si Kancil |
| 2) Pangarang   | : MB. Rahimsyah AR.          |
| 3) Kandel      | : 128 kaca                   |
| 4) Medal       | : 2013                       |
| 5) Pamedal     | : Lingkar Media              |
| 6) Warna Jilid | : Biru Dongker               |

### Sinopsis

*Kumpulan Dongeng Si Kancil* eusina aya 19 judul dongéng nyaéta “Mencuri Timun”, “Menipu Para Buaya”, “Sabuk Nabi Sulaiman”, “Gong Ajaib”, “Kancil Mengalahkan Harimau”, “Babi yang Sombong”, “Kancil Dikalahkan Siput”, “Gajah yang Baik Hati”, “Kancil Menipu kera”, “Hakim yang Cerdik”, “Si Kancil

Muhammad Fadil Darojatun Aprian, 2025

BABANDINGAN STRUKTUR KUMPULAN DONGÉNG SAKADANG PEUCANG RÉKAAN É. KOSMAYADI  
JEUNG KUMPULAN DONGÉNG SI KANCIL RÉKAAN MB. RAHIMSYAH AR (ULIKAN STRUKTURAL  
JEUNG AJÉN ATIKAAN KARAKTER)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dan Beruang”, “Si Kancil dan Burung Puyuh”, “Lolos dari Jebakan”, “Tertipu Lagi”, “Kuda yang Malang”, “Harimau Berguru kepada Kucing”, “Harimau yang Tak Tahu Diri”, “Kancil Tertangkap Penduduk”, jeung “Pangeran Kodok”.

Ieu buku nyaritakeun *Si Kancil* sato leutik tapi pinter, kancil nyanghareupan loba halangan, gangguan jeung ancaman tapi bisa dikungkulan ku manéhna. Ku kapinteranana, manéhna bisa ngéléhkeun sato nu leuwih badag, nu leuwih galak. saperti maung, bagong, buaya, oray jeung sato prédator nulaanna. Loba pisan atikan anu bisa dicokot tina ieu carita, ogé supaya urang bisa diajar pangalaman hirup jeung diajar nyanghareupan masalah dina kahirupan.

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data aya sababaraha hal anu digunakeun nyaéta tehnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data miboga udagan pikeun nyangking data anu bisa dijelaskeun atawa ngajawab patalékan panalungtik anu silih pakait kalayan objekif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Studi pustaka digunakeun pikeun néangan data nu aya patalina jeung pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter jeung struktur. Studi analisis data digunakeun pikeun milah jeung milih data nu aya dina sumber data panalungtikan, nyaéta kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi jeung kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data di antarana:

- a. maca kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi jeung kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR
- b. milihan bagéan-bagéan anu nuduhkeun struktur carita jeung ajén atikan karakter,
- c. nyalin data kana kartu data digital.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa prosés anu ngagunakeun rumus-rumus atawa nu saluyu jeung pamarekan panalungtikan atawa desain panalungtikan (Arikunto, 2016, kc 281). Dina ieu panalungtikan téhnik anu dipaké nyaéta téhnik analisis data struktur jeung ajén atikan karakter nu aya dina kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi jeung kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR. Dianalisisna tina data nu dikumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data. Anapon ari léngkah-léngkah ngolah data di antarana:

- a. mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- b. nganalisis data nu geus dikumpulkeun; jeung
- c. ngadéskripsikeun, nafsirkeun, jeung nyindekkeun data nu geus dipilih.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu ngarojong kana prosés panalungtikan sangkan hasilna lengkep kalayan sistemis (Arikunto, 2016, kc. 203).

Tabél data mangrupa instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina kumpulan dongéng *Sakadang Peucang* rékaan É. Kosmayadi jeung kumpulan dongéng *Si Kancil* rékaan MB. Rahimsyah AR.

**a. Tabel data analisis struktural**

Tabel 3.1

Tabel data analisis téma

| <b>No.</b> | <b>Téma</b> | <b>Cutatan dongéng</b> | <b>Kode data<br/>(SP/JD/KC/P)/<br/>(SK/JD/KC/P)</b> |
|------------|-------------|------------------------|-----------------------------------------------------|
|            |             |                        |                                                     |

Tabel 3.2

Tabel data analisis sètting

| <b>No.</b> | <b>Sètting<br/>(waktu/tempat)</b> | <b>Cutatan dongéng</b> | <b>Kode data<br/>(SP/JD/KC/P)/<br/>(SK/JD/KC/P)</b> |
|------------|-----------------------------------|------------------------|-----------------------------------------------------|
|            |                                   |                        |                                                     |

Tabel 3.3

Tabel data analisis palaku

| <b>No.</b> | <b>Ngaran<br/>Palaku</b> | <b>Watek<br/>Palaku</b> | <b>Cutatan dongéng</b> | <b>Kode data<br/>(SP/JD/KC/P)/<br/>(SK/JD/KC/P)</b> |
|------------|--------------------------|-------------------------|------------------------|-----------------------------------------------------|
|            |                          |                         |                        |                                                     |

**b. Tabel data analisis ajén atikan**

Tabel 3.4

| <b>No.</b> | <b>Ajén atikan</b> | <b>Cutatan dongéng</b> | <b>Kode data<br/>(SP/JD/KC/P) /<br/>(SK/JD/KC/P)</b> |
|------------|--------------------|------------------------|------------------------------------------------------|
|            |                    |                        |                                                      |

|  |  |  |  |
|--|--|--|--|
|  |  |  |  |
|--|--|--|--|

## c. Tabel data babandingan struktur

Tabel 3.5

| No. | Struktur | Babandingan      |           |
|-----|----------|------------------|-----------|
|     |          | Sakadang Peucang | Si Kancil |
|     |          |                  |           |

## Keterangan

SP = Sakadang Peucang

SK = Si Kancil

JD = Judul Dongeng

KC = Kaca

P = Paragraf